



## KIMOUN KI KALIFYE?

Moun ki gen revni ba yo:

- Fanm ansent ak tibebe;
- Timoun laj 1 a 18 tan
- Paran ak fanmi k ap pran swen timoun depandan; oswa
- Granmoun ki gen 19 a 64 tran, ki pa ansent epi ki pa kalifye pou Medicare.

NY State of Health konfòme ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa Eta ki anplis epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sityasyon famiyal, kazye jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

# Yon Koutje sou Medicaid

## KISA KI GARANTI?

- Sèvis pou pasyan ki entèn ak pa entèn nan lopital
- Sèvis klinik
- Tès depistaj bonè, dyagnostik ak tretman pou timoun ki poko gen 21 an nan Pwogram Sante Timoun/Adolesan an
- Medikaman, atik, ekipman medikal ak ekipman tankou chèz woulant;
- Sèvis Laboratwa ak radyografi
- Swen prevansyon and swen pou dan ak tretman nan men doktè ak dantis
- Swen nan yon mezon retrèt
- Swen nan ajans swen sante ak swen pèsònèl
- Tretman nan lopital sikyatri (pou moun ki gen pi piti pase 21 an oswa sa yo ki gen 65 an oswa plis), sant sante mantal ak sant pou moun ki gen reta mantal oswa andikap devlopmanal
- Sèvis Planning pou fanmi
- Sèvis transpò pou ale nan randevou medikal, tankou transpò piblik ak mileyaj machin
- Transpò ijans nan anbilans pou ale lopital
- Pwodwi pou sispann fimèn tankou chiklèt ak patch

Nou kapab garanti sèten sèvis akòz laj, sikonstans finansye, sityasyon famiyal oswa sityasyon w ap viv. Kapab gen yon ti kopeman pou kèk sèvis. Ou p ap gen yon kopeman si ou nan yon plan swen kowòdone, sof pou yon ti kopeman pou sèvis nan famasi.

## KONTAKTE NOU :

[nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov) | 1-855-355-5777 oswa TTY 1-800-662-1220

## Kijan m ap fè konnen si pitit mwen kalifye pou Medicaid?

Tablo ki anba la a montre revni ou kapab resevwa chak ane epi toujou kalifye pou Medicaid.\*  
Nivo revni a baze selon kantite fanmi k ap viv ak ou.

Nivo Revni Anyèl pou 2020				
Kantite Moun ki nan Kay la	Paran/ Moun k ap bay Swen <i>oswa</i> Koup Selibatè San Timoun <i>oswa</i> Granmoun laj 19 ak 20 an ki p ap viv ak paran yo	Timoun Laj 1 - 18 tan	Adilt ki gen 19 ak 20 tan k ap viv ak paran yo	Fanm Ansent, Tibebe ki poko gen 1 an <i>oswa</i> Moun ki kalifye pou Avantaj Planing Familyal
	138% FPL	154% FPL	155% FPL	223% FPL
1	\$17,609	\$19,651	\$19,778	\$28,455
2	\$23,792	\$26,550	\$26,722	\$38,446
3	\$29,974	\$33,449	\$33,666	\$48,436
4	\$36,156	\$40,348	\$40,610	\$58,426
5	\$42,339	\$47,248	\$47,554	\$68,417
6	\$48,521	\$54,147	\$54,498	\$78,407
7	\$54,704	\$61,046	\$61,442	\$88,398
8	\$60,886	\$67,945	\$68,386	\$98,388
9	\$67,068	\$74,844	\$75,330	\$108,378
10	\$73,251	\$81,744	\$82,274	\$118,369
Plis Moun	\$6,183	\$6,900	\$6,944	\$9,991

\* Baze sou Nivo Pòvreté Federal (Federal Poverty Levels, FPL) 2020. Nou ka chanje Nivo Revni yo chak ane selon Nivo FPL la.

### Konbyen Medicaid koute?

**Prim pou Peye Chak Mwa:** Pa genyen okenn prim pou peye chak mwa pou Medicaid.

**Kotizasyon nan Frè yo:** Ou bezwen peye yon ti kopeman pou sèten sèvis sou Medicaid, men gen kèk fwa ou pa bezwen peye okenn kopeman.

Plis w ap janm peye nan kopeman pou Medicaid nan yon ane se \$200.

Pou jwenn yon lis Kesyon Moun Poze Souvan konsènan Medicaid, ale sou: [http://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/](http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/)